

**Pa Prezidan
Henry B. Eyring**
Premye Konseye
nan Premye Prezidans lan



Aple pa Bondye e soutni pa moun yo

Antanke manm Legliz la, yo envite nou souvan pou nou soutni moun nan apèl yo resevwa pou sèvi. Sa gen kèk ane, yon etidyan 18 an te montre m kisa sa vle di soutni sèvitè Senyè a. Jiskaprezan mwen beni pa egzanp enb li a.

Li te fèk kòmanse premye ane li nan kolèj. Li te batize prèske ennan anvan l te kite lakay li pou kòmanse etid li nan yon gwo inivèsite. Nan kote sa a, mwen te sèvi kòm evèk li.

Lè ane lekòl la te kòmanse, mwen te fè yon ti entèvyou avèk li nan biwo evèk la. Mwen pa sonje anpil nan premye konvèsasyon sa a sof ke li te pale de pwoblèm li te genyen nan yon nouvo kote, men mwen pap janm bliye dezyèm konvèsasyon nou.

Li te mande pou l te vin kote m nan biwo mwen. Mwen te etone lè l te di: “Èske nou ka priye ansanm, e èske m ka fè priyè a?” Mwen ta pral reponn ke m te deja priye e m sipoze ke li te deja priye tou. Men, olyesa mwen te dakò.

Li te kòmanse priyè l la avèk yon temwayaj ke li te konnen evèk la te aple pa Bondye. Li te mande Bondye pou l te di m kisa pou l te fè nan yon bagay ki gen gwo konsekans espirityèl. Jènjan an te di Bondye li te si ke evèk la te deja konnen bezwen li e li t ap ba l konsèy li te bezwen tande a.

Pandan l t ap pale, danje espesifik li t ap fè fas yo te vini nan lespri mwen. Konsèy la te senp men li te vini nan gran klate: toujou priye, obeyi kòmandman yo, epi pa pè.

Jènjan sa a, ki te gen ennan nan Legliz la, te anseye pa legzanp sa Bondye kapab fè avèk yon dirijan lè li soutni pa lafwa ak lapriyè moun li aple pou dirije yo. Jènjan sa a te demontre m pouvwa lwa konsantman komen an nan Legliz la (gade D&A 26:2). Menmsi Senyè a aple sèvitè l yo pa revelasyon, yo kapab fonksyone sèlman apre yo fin soutni pa moun yo aple pou sèvi yo.

Pa vòt soutyen nou, nou fè pwomès solanèl. Nou pwomèt pou nou priye pou sèvitè Senyè yo epi l ap dirije yo ak fòtifye yo (gade D&A 93:51). Nou pwomèt ke n ap chèche ak espere pou n santi enspirasyon Bondye nan konsèy yo ak kèlkeswa lè yo aji nan apèl yo (gade D&A 1:38).

Pwomès sa a ap bezwen renouvle nan kè nou souvan. Enstriktè Lekòldidiman ch nou ap eseye anseye pa Lespri, tankou nou menm nou ka fè, enstriktè nou an gen dwa fè erè devan klas la. Sepandan, nou ka deside pou koute ak veye moman lè nou ka santi enspirasyon vini. Lè moman an rive n ap note mwens erè ak pi plis prèv ke Bondye ap soutni enstriktè sa a.

Lè nou leve men nou pou soutni yon moun, nou

pran angajman pou travay pou kèlkeswa bi Senyè a ke moun sa a aple pou akonpli. Lè pitit nou yo te piti, madanm mwen te aple pou anseye timoun piti yo nan pawas nou an. Mwen te non sèlman leve men m pou te soutni li, men, mwen te priye pou li tou epi m te mande pèmasyon pou ede li. Leson m te resevwa sou apresyasyon pou sa madanm mwen te fè ak sou lanmou Senyè a pou timoun yo toujou kontinye ap beni fanmi mwen ak lavi mwen.

Mwen te pale dènyèman avèk jènan sa a ki te soutni evèk li a sa gen dèzane a. Mwen te aprann ke Senyè a ak moun yo te soutni li nan apèl li kòm misyonè, kòm prezidan pye, ak kòm papa. Lè konvèsasyon nou an te fini, li te di: “Mwen toujou priye pou ou chak jou.”

Nou ka detèmine pou n priye chak jou pou yon moun ki aple pa Bondye pou sèvi nou. Nou kapab remèsye yon moun ki te beni nou pa sèvis li. Nou ka deside prezante tèt nou lè yon moun nou te soutni mande pou volontè.¹

Moun ki soutni sèvitè Senyè a nan wayòm ni an ap soutni pa pouvwa enkonparab li. Nou tout bezwen benediksyon sa a.

NÒT

1. Gade *Enseignements des Présidents de L'Église: Joseph F. Smith* (1998), 211–12.

ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A

Aprè ou fin pataje mesaj sa a, panse pou li sitasyon sa a: “Senyè a ap fè nou vin yon enstriman nan men li si nou enb, fidèl, ak dilijan. . . . N ap resevwa plis fòs lè nou soutni pa kongregasyon an ak resevwa mizapa” (*Ansèyman, pa gen pi gwo apèl* [1999], 20). Fè fanmi an rasanble otou yon bagay lou epi mande yon moun pou eseye souve li. Pandan w ap ajoute yon moun

chak fwa, envite lòt manm fanmi an pou yo ede souve bagay lou a. Diskite sou sa k rive lè tout moun pote èd. Panse pou mete aksan sou konsèy Prezidan Eyring nan sou fason pratik nou ka soutni lòt moun nan apèl yo.

JÈN YO

Gras ak enstriktè Lekòldidimanch mwen an

Non

Klas Lekòldidimanch mwen an pa toujou reveran. Mwen renmen koute leson yo chak semèn, men pafwa se kòm si lòt moun yo nan klas la pap koute. Souvan y ap pale youn ak lòt oswa jwe jwèt elektwonik pandan enstriktè nou an ap eseye anseye nou. Sa ki tris, mwen pafwa twouve m fè pati pwoblèm nan.

Yon semèn nou te pi rès pase dabitid, epi nan fen klas la, enstriktè nou an te tonbe kriye paske pèsonn pa t ap koute leson l lan. Pandan nou t ap mache soti nan klas la, kè m te fè m mal pou li.

Nan Dimanch pwochen enstriktè nou an te eksplike ke li te priye anpil nan semèn nan, pou l te chèche gidans, epi li te reyalize ke li te bezwen pase yon fim Legliz la pou nou. Li te kòmanse pase fim nan, ki te sou lavi Jezikri ak mirak Li te akonpli yo.

Pandan m t ap panse sou fim nan jou swa sa a, mwen te santi yon bagay diferan. Toudenkou m te reyalize ke m t ap santi Lespri a, plis pase jan m te janm santi l anvan. Imedyatman mwen te deside ke m te vle fè chanjman nan lavi m pou m vin pi plis menmjan ak Sovè a, e mwen te reyalize ke eksperyans nan Lekòldidimanch lan jou sa a te grandman fòtifye temwayaj mwen. Mwen rekonesan anpil pou enstriktè Lekòldidimanch mwen an ak tout sa li fè pou klas nou an chak semèn.



Lafwa, Fanmi, Sekou

Vizit nan fwaye—yon tach sakre

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou.

Antanke enstriktris nan fwaye, nou gen yon misyon espiyèl enpòtan pou n akonpli. “Evèk la, ki se bèje òdone pawas la, pa ka posibman veye sou tout mouton Senyè a yo poukont li. Li depann sou enstrikte nan fwaye enspire pou ede li.”¹ Chèche ak resevwa revelasyon pou konnen kimoun pou asiyen pou veye sou chak sè se yon bagay esansyèl.

Enspirasyon an kòmanse lè manm prezidans Sosyete Sekou yo diskite sou bezwen chak moun ak fanmi yo nan espri lapriyè. Epi, avèk apwobasyon evèk la, prezidans Sosyete Sekou a bay tach nan yon fason k ap ede sè yo konprann ke vizit nan fwaye se yon responsablite espiyèl enpòtan.²

Enstriktris nan fwaye yo sensèman vin konnen ak renmen chak sè, ede yo fòtifye lafwa yo, epi bay sèvis lè gen bezwen. Yo chèche enspirasyon pèsònèl pou konnen kijan pou reponn ak bezwen espiyèl ak tanporèl chak sè yo vizite.³

“Vizit nan fwaye vin tounen travay Senyè a lè nou fokis sou moun

yo olye de pousantaj. An reyalyte, vizit nan fwaye pa janm fini. Li se plis yon fason pou viv pase yon tach.”⁴

Apati ekriti yo

Matye 22:36–40; Jan 13:34–35; Alma 37:6–7

Apati Istwa Nou

Eliza R. Snow, dezyèm prezidant jeneral Sosyete Sekou a te anseye: “Mwen konsidere travay yon enstriktris kòm yon ofis elve ak sakre.” Li te konseye enstriktris nan fwaye yo “pou yo ranpli avèk Lespri Bondye, ak sajès, imilite, lanmou” anvan y al vizite kay moun yo pou yo ta kapab konnen ak reponn ak bezwen espiyèl osibyen tanporèl moun yo. Li te di: “Nou gen dwa santi pou nou pale pawòl lapè ak rekònfò, epi si nou jwenn yon sè ki santi l frèt, pran l sou kè nou jan nou t ap fè pou yon pitit pa nou epi rechofe li.”⁵

Pandan n ap avanse nan lafwa jan premye sè Sosyete Sekou yo

te fè a, n ap gen Sentespri a avèk nou epi n ap jwenn enspirasyon pou konnen kijan pou ede chak sè n ap vizite. Sè Snow di: “An [nou] chèche sajès olye de pouvwa, epi [n] ap jwenn tout pouvwa [nou] gen sajès pou n egzèsè.”⁶

NÒT

1. Julie B. Beck, “Relief Society: A Sacred Work,” *Liahona*, Nov. 2009, 114.
2. Gade *Manuel 2: Administration de l’Église* (2010), 9.5; 9.5.2.
3. Gade *Manuel 2*, 9.5.1.
4. Julie B. Beck, *Liahona*, Nov. 2009, 114.
5. Eliza R. Snow, nan *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 108.
6. Eliza R. Snow, nan *Daughters in My Kingdom*, 45–46.

Kisa m Ka Fè?

1. Kijan m ka amelyore nan kapasite m pou akonpli responsablite enpòtan mwen antanke enstriktris nan fwaye?

2. Antanke enstriktris nan fwaye, kijan m ka ede lòt sè yo ranpli responsablite yo kòm enstriktris nan fwaye?

Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.